

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 3.3 MILYON DOLA ADISYONÈL NAN FINANSMAN  
ETA A AP BAY POU SIPÒTE AGRANDISMAN GALRI ATISTIK  
ALBRIGHT-KNOX LA NAN BUFFALO**

*Sa ap Konplemante Renesans Ekonomik ak Kiltirèl k ap Kontinye Fèt nan  
Rejyon Lwès New York la*

*Afiche Repezantasyon Grafik Pwojè Agrandisman Galri Albright-Knox la [Isit la](#)*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse 3.3 milyon dola adisyonèl nan finansman eta ap bay pou sipòte pwojè 155 milyon dola pou agrandisman Galri Albright-Knox la (Albright-Knox Gallery, AKG) ke yo konn rele tou AK360 a. Mize y ap agrandi a, ki pral vin Mize Atistik AKG Buffalo (Buffalo AKG Art Museum), pral gen ladan yon nouvo bilding k ap kanpe apa pou kont li nan yon kanpis ki tankou yon pak epi l ap gen pwogram amelyore pou konplemante renesans ekonomik ak kiltirèl Rejyon Lwès New York te viv nan ane ki fenk sot pase yo.

“Agrandisman Galri Atistik Albright-Knox la pral atire menm plis vizitè ankò nan Rejyon Lwès New York la pou vin jwi koleksyon premye plan atizay modèn ak kontanporen yo a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “New York fyè pou nou sipòte inisyativ pwometè sa a, ki pral pote randman pou tout rejyon an nèt, epi nou remèsye filantwòp Jeffrey Gundlach paske l te bay finansman korespondan dola pou dola pou yo te ka ajoute sou dènye finansman eta a te bay pou fè agrandisman an.”

“Galri Albright-Knox la fè pati kè ak nanm Buffalo, epi Eta New York ap pran responsabilite nou an men pou nou plis sipòte inisyativ agrandisman enpòtan sa a”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki te fè anons lan jodi te di.** “Avèk investisman sa a eta ap fè a, Galri Albright-Knox la vin dènye efò nan kad transfòmasyon k ap fèt toupatou atravè Buffalo ak Rejyon Lwès New York la. Enstitisyon atistik ak kiltirèl yo se motè devlopman ekonomik ak touristik, epi pwojè sa a pral sipòte revitalizasyon k ap kontinye fèt nan tout rejyon an nèt.”

Pwojè AK360 a resevwa sipò finansye finansman piblik ansanm ak finansman prive, ki gen ladan sèl pi gran montan don finansye prive yo te bay yon enstitisyon kiltirèl nan istwa Buffalo. Jeffrey Gundlach, ki se yon natif natal Buffalo te pwomèt mize a 52.5 milyon dola ototal nan fon korespondan. Yon angajman pataje 18.3 milyon dola finansman eta a pran ap sipòte pwojè a tou. Yon fwa yo fini l, yo prevwa ke AK360 pral ogmante frekantasyon plis pase 30 pousan - sa vle di l ap atire omwen 160,000 vizitè pa ane. Yo estime ke rejyon an ka benefisye de yon avantaj ekonomik dirab 10 milyon dola adisyonèl pa ane kòm konsekans ogmantasyon touris.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zensky, te deklare,** “Pwojè agrandisman transfòmasyonèl Galri Albright-Knox la pral ogmante kapital sosyal ak ekonomik Buffalo, sa k ap yon avantaj pou Rejyon Lwès New York la pandan anpil ane k ap vini ankò”.

**Direktris Peggy Pierce Elfvín nan Galri Atistik Albright-Knox la, Janne Sirén te deklare,** “Nou vrèman kontan anpil pou sipò Gouvènè Cuomo kontinye bay AK360. Envestisman jenere adisyonèl Gouvènè a ap fè nan devlopman transfomatè ak pwojè agrandisman kanpis nou an ap dinamize fòs renesans Buffalo kontinye ap viv la yo, kote avni Mize Atistik AKG Buffalo a pral jwe yon wòl enpòtan. Avèk sipò Gouvènè Cuomo ak Eta New York la, Mize Atistik AKG Buffalo a pral vin tounen yon resous ki ouvè, enkliziv, ak aksesib pou divès odyans k ap soti toupatou atravè Rejyon Lwès New York la ak pi lwen toujou”.

**Jeffrey Gundlach te di,** “Touris ak vizitè k ap soti toupatou nan mond lan yo rekonèt mize atistik yo kòm refleksyon kilti yon vil. Mize Atistik Buffalo AKG a pral yon testaman k ap montre kreyativite, vitalite, ak rezistans Buffalo, ki se yon vil ki gen kalib mondyal an plèn renesans apwofondi. Envestisman Gouvènè Cuomo ap fè nan AK360 a se yon vòt konfyans nan pwojè AK360 a ak nan wòl mize a jwe kòm yon pilye pou lavi sivik ak kiltirèl Buffalo”.

Fonde an 1862 antan ke Akademi Bèl Èv Atistik Buffalo (Buffalo Fine Arts Academy), Galri Atistik Albright-Knox lan gen ladan yon koleksyon selèb èv atistik modèn ak kontanporen yo. Yo te agrandi Galri Albright-Knox la de fwa deja, kote yo te premye konstwi mize a an 1905 epi yo te ajoute yon nouvo paviyon an 1962. AK360, ki se twazyèm agrandisman an, pral ajoute yon espas ki mezire 25,000 pye kare pou fè ekspozisyon espesyal yo epi ekspoze koleksyon atizay ki gen renonme mondyal Galri Albright-Knox la genyen an. Nouvo bilding lan ke OMA/Shohei Shigematsu te konsevwa, pral enkòpore plizyè enstalasyon pou vizitè yo epi yo anvizaje l ap genyen yon gran veranda toutotou l ki vizyèlman konekte anndan bilding lan ak peyizaj avwazinan Frederick Law Olmsted la.

Pandan tout dire pwosesis devlopman konsepsyon an, ekip Albright-Knox/OMA a te rete an kominikasyon ak Biwo pou Prezèvasyon Istorik Eta New York la (New York's State Historic Preservation Office), yon komite Konsèy pou Prezèvasyon Buffalo a (Buffalo Preservation Board), ak anplwaye ak manm konsèy Konsèvasyon Pak Olmsted Buffalo a (Buffalo Olmsted Parks Conservancy). Anplis de sa a, OMA te travay ak konsèye ekspè nan zafè prezèvasyon yo pou yo asire ke yo pran prezèvasyon bilding istorik yo an konsiderasyon pandan modèl konsepsyon inisyal la t ap devlope pou vin nouvo reprezantasyon grafik konsepsyon an.

Pwojè agrandisman an gen plan pou l:

- Bay yon espas ki pi laj pou ekspoze koleksyon travay chèf yo, ki te ogmante kat fwa depi dènye ekspansyon an nan lane 1962;
- Kreye premye etablisman yo pou ekspozisyon espesyal yo;
- Amelyore eksperyans vizitè an ak nouvo espas epi ki pi bon pou edikasyon, manje ak rasanbleman espesyal yo;
- Entegre kanpis mize an nan Pak Delaware Frederick Law Olmsted lan;

- Konstwi yon estrikti estasyonman soutèren epi transfòme espas estasyonman ki sou sifas la pou l vin tounen yon espas peyizaj vèdwayan ak yon espas rasanbleman.
- Ouvè yon wout pou travèsè lakou mize a soti Elmwood Avenue rive nan Pak Delaware Olmsted la, sa k ap ajoute yon nouvo pwen dantre ak sòti alès fasad Biding 1962 a;
- Kouvri Jaden Eskilti anplennè Biding 1962 a pou yo kreye yon Plas Piblik Alenteryè (Indoor Town Square) pou akomode angajman sivik pandan tout ane a, epi k ap disponib gratis pou kominote a pandan lè douvèti ak pwogramasyon mize a;
- Kreye yon nouvo paviyon edikatif nan etaj anba Biding 1962 a; epi
- Konstwi yon pon pitorèsk karakteristik k ap konekte nouvo biding lan ak Biding 1905 lan.

**Lidè Majorite nan Asanble a Crystal Peoples-Stokes te deklare,** “Mèsi Gouvènè Cuomo men tou mèsi Jeffrey Gundlach paske nou toude te double aganjman finansye nou te pran anvè pwojè kapital kiltirèl rejyonal sa a. Galri Atistik Albright-Knox la gen yon koleksyon atizay ki gen renonme mondyal, majorite ladan yo pifò vizitè yo poko janm wè yo akoz de espas ekspozisyon yo te genyen an ki te twò kwense. Pa twò lontan, sa pap konsa ankò. Trè pwochèman, Konferans Majorite Asanble Eta New York la (New York State Assembly Majority Conference) pral fè pwòp anons yo konsènan fon korespondan yo”.

**Manm Asanble Sean Ryan te deklare,** “Galri Albright-Knox la se yon resous kiltirèl presye nou genyen isit la nan Buffalo. Investisman sa a pral ede kontinye gran eritaj mize a epi fè li vin yon destinasyon pou anpil jenerasyon k ap vini ankò”.

**Manm Asanble, Karen McMahon te deklare,** “Galri Albright-Knox la se yon flanbo pou tout moun ki renmen ak apresye kèk nan atis ki pi renonme nan mond lan yo. Lè nou atenn nouvo objektif sa a, sa ap asire ke galri a kontinye rete yon destinasyon pou fanmi toupatou atravè rejyon an yo vin jwi ak eksplòre”.

**Egzekitif Konte Mark C. Poloncarz te deklare,** “AK360 se youn nan pwojè ki pi anbisyè ak pi espektakilè yo te anvizaje nan Buffalo pandan plizyè deseni ki sot pase la yo, epi l ap elve Galri Atistik Albright-Knox la nan yon nivo notoryete mondyal ki menm pi wo ankò. Konte Erie a fyè pou nou pran angajman 5 milyon dola anvè pwojè sa a, epi mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou angajman adisyonèl li pran anvè pwojè a ak Mesye Gundlach pou jenerozite l ak lanmou l gen pou galri a, ki se youn nan trezò Konte Erie a yo”.

**Majistra Buffalo, Byron W. Brown, te deklare,** “Mèsi Gouvènè Cuomo pou kontribisyon sa a anvè agrandisman makan sa a k ap fèt nan Galri Atistik Albright-Knox la, ki se yon pwojè ki pral asire ke trezò ekstraòdinè sa a Buffalo genyen an rete yon enstalasyon ki gen kalib mondyal pou anpil jenerasyon k ap vini ankò. An Desanm lan, mwen te anonse yon angajman 2.5 milyon dola Vil Buffalo a te pran anvè enfrastrikti piblik yo pou pi byen entegre galri yo agrandi a nan Pak Delaware nou an Olmsted te konsevwa a. Sipò piblik ak prive nan kad efò AK360 a se alafwa yon privilèj ak yon responsablite”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)